



Dat: \_\_\_\_\_

Nimewo Dosye a: \_\_\_\_\_

Non Dosye a: \_\_\_\_\_

Sant: \_\_\_\_\_

Kantite dosye ki genyen: \_\_\_\_\_

## Avi pou Aplikasyon/Patisipan yo Konsènan Chanjman nan Frè pou Pwosesis Depo ak Obligasyon pou Alokasyon yo (Haitian Creole)

Règleman ak Pwosesis nou pou peman frè depo yo chanje.

Mwen sa ou bezwen konnen:

- Kantite lajan pou peye pou yon depo se selon kantite moun ki viv nan kay la epi pri mache a (gade nan **paj 2**).
- Aplikasyon ak patisipan yo dwe apwouve pou yon peman k ap fèt yon (1) sèl fwa deyò egzijans HRA yo si mèb ak bagay pèsònèl ou yo nan depo nan moman an, epi w elijib. Bagay ou yo dwe nan depo a paske ou gen yon ijans ak chèltè ou an paske ou bezwen demenaje, yo mete ou deyò, oswa ou jwenn yon lojman tanporè.
- HRA ap bay aplikasyon ak patisipan yo yon lis depo nou konnen ki respekte nouvo limit yo men ou pa oblije itilize youn nan yo
- Tanpri sonje HRA pa pral peye anyen bay konpayi sa yo toutotan yo pa voye lòt avètisman:
  1. **Avi Moving & Trucking Inc. oswa Avi Moving & Storage**
  2. **Baya Inc. oswa Baya Inc., Moving & Storage**
  3. **Prime Moving & Storage Inc.**
  4. **Prime Moving & Trucking LLC**

Pou aplikasyon ak patisipan ki gen bagay yo nan depo nan youn nan konpayi sa yo, ou dwe apwouve pou peman k ap fèt yon (1) sèl fwa. Si w vle HRA kontinye peye pou ou, w ap gen 30 jou pou deplase bagay ou yo ale nan depo yon lòt konpayi.

(Vire paj la)

### **Aplikasyon/Patisipan k ap Mande yon Pèmisyon/Sibvansyon pou Frè Depo pou Premye Fwa**

Aplikasyon/Patisipan k ap aplike pou peman frè depo pou premye fwa yo dwe konfòme yo avèk règ yo ki endike anwo a lè yo fè demann nan.

Ou **dwe** aplike chak mwa ou gen bezwen yon frè/sibvansyon pou depo, sof sise yon rezidan DHS/HRA epi w ap resevwa yon peman otomatik pou depo a.

### **Enfòmasyon Enpòtan Konsènan Frè Depo**

Fè pou Depo yo disponib sèlman pou mèb ak bagay pèsònèl ou genyen yo epi t ap itilize nan moman yo te mete ou deyò nan kay ou t ap viv lan, oswa ou te demenaje, oswa ou te antre nan yon chèltè oswa lojman tanporè.

Kalite materyèl ou kapab mete nan depo selon sibvansyon sa a limite ak materyèl epi founiti sa yo ki otorize:

- Dokiman legal ak dokiman idantifikasyon
- Machin pou lave ak seche rad
- Bagay pou kizin tankou: tab, chèz, aparèy pou kwit manje, aparèy elektwonenaje, veso, vè, ak batri kizin
- Bagay ki nesèsè pou travay (se pa envantè biznis)
- Dra ak sèvyèt
- Aparèy elektwonik pou kay
- Rad moun ki rete nan kay la
- Bagay ki nesèsè pou rezon edikatif
- Aparèy asistans medikal
- Souvni pèsònèl

Kantite founiti ou ka mete pa dwe depase kantite ki nesèsè pou kantite moun k ap viv nan kay la epi gen kèk bagay ou pa kapab mete. Kantite bagay pèsònèl ou ka mete yo pa dwe depase kantite ki nesèsè pou kantite moun ki nan kay la epi li dwe rezonab nan kantite ak volim total.

**Tablo Limit Depo FIA HRA a**

<b>Kantite moun ki viv nan kay la</b>	<b>Gwosè</b>	<b>To Maksimòm</b>
<b>1+</b>	<b>5x5x4 (kazyè) 100 Pye Kibik</b>	<b>\$60.00</b>
<b>1+</b>	<b>5x5x8 - 200 Pye Kib</b>	<b>\$150.00</b>
<b>1+</b>	<b>5x10x8 - 400 Pye Kib</b>	<b>\$216.00</b>
<b>2+,3+</b>	<b>5x15x8 - 600 Pye Kib</b>	<b>\$279.00</b>
<b>4+,5+</b>	<b>10x10x8 - 800 Pye Kib</b>	<b>\$368.00</b>
<b>6+</b>	<b>10x15x8 - 1200 Pye Kib</b>	<b>\$547.00</b>

(Vire paj la)

HRA ka refize demann ou pou yon sibvansyon pou frè depo si:

- Kounye a ou genyen oswa yo te ofri ou lojman pèmanan
- W ap soti nan lojman pèmanan epi ou prale nan lojman pèmanan
- Ou pa te ban nou yon fakti pou depo a
- Ou te aplike oswa te ban nou yon bòdwo depo an reta
- Kantite bagay ou mete oswa ou gen entansyon mete nan depo a pa reponn ak egzijans yo
- Ou gen ase revni oswa resous pou reponn ak bezwen ou pou depo oswa ou gen lòt opsyon depo
- Ou pa kalifye pou ijans oswa Asistans Lajan Kach
- Ou te ogmante kantite inite depo
- Aprè ou te resevwa yon sibvansyon yon fwa pou yon espas depo oswa ki depase limit depans ki dekri anwo a, oswa ap itilize yon konpayi HRA p ap peye, ou pa te diminye ak deplase bagay ou yo ale nan yon espas depo nou pèmèt pou kantite moun k ap viv nan kay ou an, oswa nan yon konpayi HRA ap peye, avan lòt mwa.

Siyati Aplikan/Patisipan an: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Non Travayè Sosyal la: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

Siyati Travayè Sosyal la: \_\_\_\_\_ Dat la: \_\_\_\_\_

**Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa sante mantal oswa yon andikap? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou konprann avi sa a oswa pou fè sa avi sa a mande a? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou pou jwenn lòt sèvis nan HRA? **Nou kapab ede ou.** Rele nou nan 718-557-1399. Ou kapab mande èd tou lè ou ale nan yon biwo HRA. Ou gen dwa pou mande kalite èd sa a selon lalwa.**